Prepare pou School Choice:

School Choice
Explore your options

Pare pou School Choice

Lekòl Piblik, Broward County Public Schools (BCPS), ap anonse avèk anpil satisfaksyon **School Choice Open Enrollment,** peryòd tan enskripsyon pou aplike pou ane eskolè 2026/27, ap louvri **3 Novanm – 19 Desanm, 2025.**

Kisa School Choice ye?

School Choice (Chwa Lekòl) bay fanmi ki enterese fè nouvo esperyans edikasyonèl opòtinite aplike pou lekòl ki pa nan zòn lekòl yo. Aplikan ka aplike pou yon demann transfè nan yon lòt lekòl, yon pwogram magnet, oswa lekòl Nova — oswa pami twa yo nenpòt pwogram konbine.

Kisa Pare pou School Choice ye?

Pou asire ou pare pou aplike lè Enskripsyon School Choice Louvri pandan yon peryòd tan, swiv etap anba a epi kreye yon kont paran sou Portal Focus/Focus Parent Portal Account, epi konekte kont pa-ou ak kont pitit ou:

Note: Nou pap swiv prensip "premye moun ki vini, se li ki sèvi" pou rezève plas elèv. Lè gen plis kandida pase plas disponib, seleksyon ap fèt oaza avèk asistans yon sistèm konpitè.

ETAP 1: Kreye yon Kont Paran Portal Focus
Enstriksyon detaye disponib anliy, vizite sit **browardschools.com/focushelp**

ETAP 2: Mete soulamen Nimewo idantifikasyon elèv BCPS, pitit ou
Si pitit ou pa gen yon nimewo idantifikasyon elèv BCPS/BCPS Student ID Number, tanpri vizite nenpòt lekòl BCPS, ki sitiye pre ou oswa lekòl ou prefere. Pou rezon verifikasyon, asire ou pote kat didantite ak foto ou sou li, gouvènman an delivre, epitou pa bliye ak denesans pitit ou.

ETAP 3: Itilize Nimewo ID elèv BCPS, epi Konekte Kont Chak Pitit ou ak Kont Paran ou sou Portal Focus. Ap gen enstriksyon sou kouman ajoute non elèv sou portal la

ETAP 4: Kounyea ou Pare pou School Choice epi ou ka aplike pandan peryòd tan enskripsyon School Choice louvri

Pou plis enfòmasyon ak enstriksyon detaye sou kouman ou ka Pare pou ***School Choice***

vizite: browardschools.com/schoolchoice

School Board of Broward County, Florida, entèd tout direktiv oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka telefone Direktè, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kowòdonatè Ekite Distri a/Kowòdonatè Title IX, 754-321-2150 oswa imel eeo@browardschools.com. Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA), moun andikape ki bezwen adaptasyon, rele Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department, nimewo 754-321-2150 oswa imel eeo@browardschools.com.

Established 1915
BROWARD
County Public Schools